CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #१५

८।१।२०७७

भ्रामक समाचार, हल्ला आ अफवाहसभसँ जेना जनजिवन अस्त व्यस्त बनेने छलै, अखन कोरोना भाईरसके महामारीके अवस्था सेहो तेहने छैक । हमसभ् मिलक एकर निराकरणमे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह क सकैत छी । एहिके लेल अपनासभके विश्वसनिय आ श्रोत खुलल सहि सूचना निर्णायक तहतक प्रवाह क सकैत छी ।

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।



दैनिक ज्याला मजदुर

तस्बिर: बीजु महर्जन




## दुर्गममे ज्ञान जोखिममे परल गर्भवती आओर प्रसुति भेल जनानीसबके लेल हवाई उद्धार सम्बन्धी कार्यविधि २०७५ अनुसार ३० जिलामे पूर्ण आ ४ जिलामे आंशिक रुपमे मंगनीमे हवाई उद्धार कार्यक्रम सञ्चालन कएलगेल अछि ।

### आंशिक रुपमे लागु भेल जिलासब

सिन्धुपाल्चोक, धादिङ, गोरखा, बागलुङ

### पूर्ण रुपमे लागु भेल जिलासब

दार्चुला, बैतडी, बाजुरा, बझाङ डोटी, अछाम, जाजरकोट, दैलेख, मुगु, कालिकोट, जुम्ला, हुम्ला, डोल्पा, ताप्लेजुङ, संखुवासभा, भोजपुर, पाँचथर, तेह्रथुम, खोटाङ, ओखलढुंगा, सोलुखुम्बु, दोलखा, मनाङ, मुस्ताङ, म्याग्दी, रोल्पा, रुकुम पूर्व, रुकुम पश्चिम, सल्यान र रसुवा



# हल्ला र तथ्य



लकडाउनके समयमे सरकार बाँड्ब कहल राहत पाबएबला आदमीसभके नहि पऔलक से कहैछै ने ? एहिके लेल ककरा सम्पर्क करबई ?

लकडाउनके समयमे सरकारके तोकल मापदण्ड अनुसार कोनो आदमीके राहत नहि पाओल बुझमे आएल त निचादेल गेल सम्पर्क नम्बरमे एसएमएस कए जानकारी कराए देबलेल सरकार आग्रह कएने अछि ।
प्रदेश १, उप-सचिव प्रलहाद कार्की, ९८५११५७४८५
प्रदेश २, उप-सचिव ऋषिराज आचार्य, ९८४१२०६९९०
बागमती प्रदेश, उप-सचिव अच्युत रेग्मी, ९८४१३६७८६६
गण्डकी प्रदेश, उप-सचिव बाबुराम भुषाल, ९८४१३५३६८३
प्रदेश ५, उप-सचिव डिलाराम पन्थी, ९८४१६२३२२८
कर्णाली प्रदेश, उप-सचिव रामप्रसाद वाग्ले, ९८४९२४५५१२
सुदुरपश्चिम प्रदेश, उप-सचिव रेशमलाल कंडेल, ९८५१२१३८२३



क्वारेन्टाईनमे रहए बलासभके संख्या घटिरहल छैक लेकिन, संक्रमितसभहक संख्या त आओर बढिरहल छैक ने ?

क्वारेन्टाईनमे रहलसभके संख्या आजुक तिथिमे ५,१८० अछि । एहि संख्या दिन प्रतिदिन घटिरहल अछि । सरकार परिक्षणके दायरा बढाएक नेगेटिभ रिजल्ट आएल आदमीसभके आओर होम क्वारेन्टाईन (घरेमे अलग रहएलेल) मे पठेलाके कारणे एकर संख्या घटिरहल अछि ।



सरकारी सेवामे कार्यरत कर्मचारीसभके सम्बन्धित विभाग तथा मुख्यालयसँ हुनकर सभहक तलबसँ कट्टा कएक कोरोना रोकथाम कोषमे जम्मा करएके निर्देशन दरहल अछि ने ?

कोरोना संक्रमण आओर उपचारके काजमे प्रत्यक्ष रुपसँ खट्ल स्वास्थ्यकर्मी आओर सुरक्षाकर्मीसँ कोरोना भाईरस संक्रमण, रोकथाम नियन्त्रण तथा उपचार कोषमे रुपैया योगदान करबा सम्बन्धि काज एहि कर्मचारीसभहक लेल स्वेच्छिक होएबाक व्यवस्था करए मन्त्रीपरिषदके निर्णयसँ सम्बन्धित निकायके निर्देशन देनेअछि ।



विद्यालय र विश्वविद्यालयके विद्यार्थीसभ अखनके अवस्थामे शिक्षासँ पूर्ण रुपमे बञ्चिते जेना अछि । एहि अवस्थाके आओर लम्बाएके सम्भावना अछि । एहिमे सरकारक कि योजना छैक ?

शिक्षा, विज्ञान तथा प्रविधि मन्त्रालय विद्यालय आ विश्वविद्यालय तहमे अनलाईन कक्षाक तयारीके लेल ७ करोड रुपैया विनियोजित करबाक निर्णय कएने अछि । एहि कार्यक्रमसँ विद्यालय आ विश्वविद्यालय तहमे अध्ययनरत करिब ७५ लाख विद्यार्थी लाभान्वित होएत ।

## सूचनाका स्रोतहरु

विश्व स्वास्थ्य संगठन

स्वास्थ्य र जनसंख्या मन्त्रालय

कोभिड-१९ को अवस्थाअ

जोन्स् होपकिन्स् कोरोना भाइरस स्रोत केन्द्र

नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय कोरोना भाईरस रोग (COVID – 19) सम्बन्धी स्वास्थ्य क्षेत्रको प्रतिकाय

नेपाल श्रम शक्ति सर्वेक्षण

सुरक्षित हुन के गर्ने



accountabilitylab NEPAL

# मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमे रहल नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,५२,६६७ नेपाली | ८२,६३० नेपाली | २८,२७६ नेपाली | ४,३७,००९ नेपबाली | २३,११,०८८ नेपाली | ८,२५० नेपाली | ४,६९,१३१ नेपाली | ५३,६९१ नेपाली |
| ९,३६२ संक्रमित | १,९१५ संक्रमित | १,८७३ संक्रमित | ५,४४८ संक्रमित | ६,७८१ संक्रमित | १,२६६ संक्रमित | ५,३८९ संक्रमित | १०,६७४ संक्रमित |
| ४ नेपाली संक्रमित | ५ नेपाली संक्रमित | २२ नेपाली संक्रमित | २ नेपाली संक्रमित | १० नेपाली संक्रमित | | १ नेपाली संक्रमित | |




ShramikSanjal

## खाँडी मुलुकमे ओतएके सरकारके लागु कएल किछु नयाँ नियमसभ



**कुवेत:** कुवेत सरकार विदेशी नागरिकके भिषा (प्रवेशाज्ञा) के अवधी समाप्त भेल अवस्थामे ३ महिनाके लेल भिषा अपने नविकरण होबएबला पद्दतीके घोषणा कएने अछि । ई सुविधा १ मार्च सँ ३१ मई, २०२० तकके लेल व्यवस्था कएलगेल अछि । आओर अवस्थामे भिषा नविकरण करएबलाके हकमे अनलाईन सेवा सेहो उपलब्ध अछि ।

**बहराईन:** अवैधानिक रुपमे रहिरहल विदेशी नागरिकके बहराईन सरकार ७ अप्रिल, २०२० सँ लागु भएक ३१ दिसम्बर, २०२० तकके लेल आम माफी देबक घोषणा कएने अछि ।

**यु.ए.ई:** यु.ए.ई के आबुधाबी, ईमिरेट्स आ मुसाफामे कामदारके कोरोना भाईरसके परिक्षण नि:शुल्क करएके व्यवस्था कएने अछि । एहि सुविधाके पहिल चरणमे मुसाफा-१२ मे हुन्डाई शोरुमके नजिक आ मुसाफा-४३ मे मुसाफा बजार नजिके शुरु कएलगेल अछि । तहिना, ५० बर्षसँ बेसी उमेरके सबके आ आओर सभके लेल रोगके लक्षण देखलगेला पर ई सुविधा देलजेतै ।





सही सूचना

# क्वारेन्टाईन आ आईसोलेशनके लेल स्पष्ट मापदण्ड जरुरी अछि







दू सप्ताहके तथ्यांक देखलापर उपरका ग्राफमे क्वारेन्टाईनमे रहल बिमारसभके संख्या आधा जते कम भेल देखबैत अछि । लेकिन, आईसोलेशनमे रहल बिमारसभहके संख्यामे कख्नोकाल सप्ताह दिनतक एकरुपता भेलाक बावजुदो दिनेपिच्छे उतारचढाव होईत रहैत अछि । एहिसँ क्वारेन्टाईनमे रहल बिमारसभमेसँ ककरो आ कते समयके लेल आईसोलेशन चाहि से बातक कोनो स्पष्ट मापदण्ड अछि कि नहि अछि ताहिबात मे प्रश्नचिन्ह खाड भगेल अछि ।

$ Follow the money

## प्रदेश ५

### जम्मा बजेट

**२३ करोड ६० लाख**

### कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोष

**१० करोड**

आईसोलेशन अस्पतालके स्थापना, परिक्षण आ उपचार, मेडिकल सामग्री किनब आ कोरोनाके कारणे कोनो परिवारक सदस्यके जान गेलापर राहत रकम वितरण करए







### क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन, न्युन आम्दनी भेल कोरोना प्रभावित परिवारके खाद्य सामग्री राहत

**१३ करोड ६० लाख**

४ उप-महानगरपालिका
३२ नगरपालिका
७३ गाउँपालिका
१२ जिल्ला समन्वय समिति



# कोभिड १९ महामारीमे स्थानीय सरकारके भूमिका

वार्षिक सर्वेक्षण २०१६/०१७ अनुसार नेपालमे ५६,०६,२३५ घरधुरी छैक । ७५३ स्थानीय सरकारमे ३५ हजारसँ बेसी जनप्रतिनिधि अछि । एककोई जनप्रतिनिधि जँ १६० परिवारके निगरानी करए तँ, सब परिवारके समस्यातक पहुचल जासकैत छी । एहि सर्वेक्षण अनुसार यदि १५.२% (८,५१,३८३) गरिबीके सीमासँ नीचा रहल घरधुरीके बिशेष ध्यान देलजाए तल, एककोई जनप्रतिनिधी २५ परिवारके मात्रे ध्यान दएतल स्थानीय सरकार प्रत्येकके घरमे पुग सकैत अछि ।

**३५,०३८**
जनप्रतिनिधी

**८,५१,३८३**
गरिबीको रेखामुनी रहेका घरधुरी

**२५** परिवार
प्रति जनप्रतिनिधी




अपन क्षेत्र भितर जोखिममे रहल नागरिकके विषयमे जिज्ञासा रखनाई आ ओकरसभहक स्थानीय तथ्याँ आ अभिलेख संकलन कएनाई संविधानके अनुसुचि ८ (५) अनुसार स्थानीय सरकारके संवैधानिक जिम्मेवारी अछि । आर्थिक तथा खाद्यान सहयोग, स्वस्थ्य सेवा, मनोसामाजिक परामर्श आ आवश्यक सूचना एहि माहामारीके जरुरत अछि । एहिके लेल पकेट क्षेत्रसभ पहिचान कए वार्डके संयोजकत्वमे संयन्त्रके निमार्ण मार्फत परिचालन करए परैत अछि ।

अप्पन पालिकामे रहल कमजोर आर्थिक अवस्था भेल आदमी, शहर केन्द्रित गरिब आ दैनिक मजदूरी कएक खाएबलासभके लेल राहत तथा जरुरतके खाद्यानके व्यवस्था कए न्यायोचित वितरण कएनाई आ वार्डसभसँ समन्वय कए प्रत्येक वार्डमे रहल खाद्यान, दवाई तथा आओर जरुरतके सामानक विक्रेतासभके सम्पर्क नम्बर सहितके पूर्ण सूचि तयार कए तैसँ सम्बन्धी सूचना नियमित प्रवाह करए परैत अछि ।




## आन्य सुझावहरु

- टेलिफोन, अनलाइन समाचार पोर्टल, रेडियो, पालिकाके वेबसाइट, सामाजिक सञ्जाल, पोष्टर तथा आओर माध्यमसँ पालिकाके सब क्षेत्रक नागरिकसभके अप्पन सरकारके कएल कामकाज, सेवा प्रवाह करएवला स्थान, आ समय, खर्चके विवरण आ प्राप्त सहयोगके विषयमे पारदर्शि ढËसँ नियमित जानकारी देवए परैत अछि । विपदमे जेकोई भी अनियमितता कए सकैत अछि तै, एकरा रोकबाक लेल नागरिक तहमे अनुगमनके अवसर प्रदान करए परैत अछि ।
- काठमाडौं उपत्यकासँ बहुतो मजदुर आ जिविकोपार्जनमे कठिनाईमे परल आदमीसभके अखन चैलेक घर जाळरहल समाचार आबिरहल अछि । सुरक्षा निकाय आ सरोकारवालासँगके समन्वयमे सम्बन्धित पालिका सवारीसाधनके व्यवस्था कए हुनकासभके उद्दार करब आ क्वारेन्टाइनमे राखबाक व्यवस्था मिलाब परैत अछि । (चौकुने गाउँपालिका सुर्खेत – माइक्रोबस पठाएक झापासँ १२ कोईके उद्दार करलक)
- नागरिकके तहमे आत्मविश्वास आ अभिभावकत्व बढाबएलेल निरन्तर सम्पर्क आ सहयोगके लेल संयन्त्र निमार्ण आ प्रयोग: सामाजिक संजालके प्रयोग कए हुनकरसभहक समस्या सुननाई, निरन्तर फोन सम्पर्कमा रहनाई, (बेलका नगरपालिका उदयपुर) करए परैत अछि ।
- समुदायमे होबएवला जोखिमके ध्यानमे राखि स्वास्थ्य स्वंयसेविका मार्फत कोभिड-१९ के विषयमे सचेतना अभिवृद्धि कएनाई आ नागरिकके स्वास्थ्य जाँच तथा जानकारी प्रवाह करएलेल वार्ड कार्यालयके समन्वयम हेल्थ डेस्कसभ स्थापना कए आधारभूत स्वास्थ्य सेवा आ सूचना प्रवाह कएनाइ ।

टंक अर्याल, खुला सरकार अभियानता

# हमरा कोरोना भाईरसको संक्रमण देखाएत त कि करब?

**COVID-19**

## हटलाईन सेवा

टोल फ्री हटलाइन
२४ घण्डाटा क्टर परामर्श
१११५ र ११३३

हिंसा र दुरुपयोगाके
जानकारी
९८०११९३०८८

खाना
१०० र ११३७

### एकर परिक्षण कतए होईत अछि?

एहि रोगाके परिक्षण राष्ट्रिय जनस्वास्थ्य प्रयोगशाला टेकु, काठमाण्डौमे, भरतपुर, धुलिखेल, भैरहवा आ आओर सभ प्रादेशिक अस्पतालमे होईत अछि । शंकास्पद् बिमारके isolation (अलगे) राईखक नमुना सम्बन्धित स्वास्थ्य कार्यालय संकलन कएक प्रयोगशालामे पठाब परैत छैक ।

### बिमार आदमी अपने प्रयोगशालामे जासकैत अछि कि नहि? कते शुल्क लगैछै ?

बिमार आदमी अपने प्रयोगशालामे नहि आईब सकैत अछि । एकर जाँचके लेल कोनो शुल्क नहि लगैत छैक ।

### रिपोर्ट आउन कति समय लागछ?

नमुना प्रयोगशालामे पठाओलाके २४ सं ४८ घण्टामे एकर रिपोर्ट लेल जा सकैत अछि । रिपोर्ट पोजेटिभ देखल गेलापर सम्बन्धित अस्पताल आ डाक्टरके तुरुन्त जानकारी कराओल जाईत छैक ।

एहि अंकमे समेटल गेल हल्ला, सवाल एवम् सूचनासभ, बहुतो संस्था, व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, आ सिभिक एक्सन टिम एहि अप्रिल महिना भितर २००० सं बेसी व्यक्तिसभसंगेके संवादसं संकलन कएलगेल छैक । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दएक हल्ला, सवाल एवम् जिज्ञासासभक चयन कएलगेल अछि । एहि अंकमे समेटल गेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल तिथितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219